писателя. А также в нём уделяется внимание видов (замкнутое и открытое пространство, имплицитная форма) хронотопа и анализируется их фунции в структуре художественного текста.

**SUMMARY**

This article is devoted to one of the most important and insufficienty explored problems in Karakalpak literature. The article examines the role of the chronotope (time and space) in the Karakalpak prose of the 80s of the last century. This problem is investigated using the example of prose works of talented writers like K.Allambergenov and U.Abdirakhmanov. The article reveals the role of the chronotope of the road and the chronotope of the threshold in the poetic work of art in relation to the realities of writer's period and style. The types of chronotope (closed and open space, implicit form) and their function in the structure of the work of art are also analyzed.

## ШАЙЫР-ЖЫРАЎЛАР ДӨРЕТИЎШИЛИГИ ҲӘМ КӨРКЕМЛИК ИЗЛЕНИСЛЕР

**Т.Торткулбаева** - *филология бойынша философия докторы*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** қозоқ шоир-жировлар ижоди, мавзу, жанр, бадиий эстетик қарашларнинг ўзига хослиги.
**Ключевые слова:** стихотворчество казахских поэтов-жирау, тема, жанр, особенности художественно-эстетических мыслей.
**Key words:** literary work of kazakh poets and bards, theme, genre, peculiarities of their literary-aethetical viewpoints.

Қазақ ханлығы дәўириндеги сөз өнерине, ондағы тематикалық ҳәм жанрлық өзгешеликлерине, көркемлик-эстетикалық қунлылықларына итибар қаратсақ, миллет руўхиятының жоқары басқышқа көтерилгенининң гүўасы боламыз. Ҳақыйқатында да, «қазақ ханлығы дәўириндеги әдебият тарийхында Асан қайғы (XV әсир), Қазтуған жыраў (XV әсир), Шалкийиз Тиленши улы (XV әсир екинши ярымы - XVI әсир биринши ярымы), Доспамбет жыраў (XVII әсир), Жиембет жыраў (XVII әсир), Ақтамберди Сары улы (XVIII әсир), Үмбетай Тилеў улы (XVIII әсир), Бухар жыраў Қалқаман улы, Көтеш шайыр, Шал Қулеке улы (XVIII әсир) тағы басқа шайыр-жыраўлардың мийрасының мазмуны оғада үлкен әҳмийетке ийе. Усы бай мийраста қазақ халқының бирнеше әсирлик көркемлик ойы, сөз өнерлик тәжирийбеси жыйнақланыўы арнаўлы түрде илимий тәрептен изертлениўди талап етеди. Қазақ халқының сөз өнериниң изертлениўи, жуўмақлары, нәтийжелери миллет әдебиятының көптомлық академиялық тарийхының пайда болыўына, жазылыўына тийкар болды. Соңғы жылларға шекем қазақ әдебияты тарийхын изертлеў сиясат, идеология қыспағында, бир қанша шеклеўге мәжбүр болған қыйын жағдайларда жүргизилсе, енди ел ғәрезсизлиги турақланып, раўажлана баслаўы менен қазақ халқының бай көркем сөз ғәзийнеси ҳаққындағы илим де өсип, бийик дәрежеде болары сөзсиз» [1].

Тийкарынан, қазақ ханлығы ўақтында миллетлик сөз өнериниң ҳәр түрли үлгилери, атап айтқанда, мифология менен фольклорлық мийраслар, әййемги әдебий естеликлер, тарийхый-шежирелик материаллар, шайыр-жыраўлар менен шешенлердиң өмири, олар жасаған дәўир, дөретиўшилик мийраслары кең көлемде көрине баслаған еди. Академик С.Қасқабасовтың айтқанындай: «Он бесинши әсирдиң ортасында пайда болған қазақ ханлығы миллетлик мәдения пенен әдебияттың раўажланыўына көп тәсир етип, өзгеше жағдай жасады. Алтын Орда заманында әййемнен берли жалғасып, раўажланып киятырған улыўма түркийлик руўхияттың мийрасхоры ретинде қазақ халқы менен мәмлекети енди бурынғы бабалардан қалған мийрасты сақлап ғана емес, оны байытып, жаңалап раўажландырыўға жуўапкер болып, соған күш салды. Бул дәўирдеги мәдения өзиниң өзгешелик сыпаты, мазмуны менен тематикасы жағынан ҳәр түрли болды. Бунда әййемги мифологиялық аңызлар менен кейинги заманда пайда болған фольклорлық шығармалар, орта әсирлерде пүткил Шығыста дәстүрге айланған қолжазба китаплар менен тарийхый-шежирелик шығармалар, халықлық музыка менен ойынлар, сондай-ақ миллетлик қазақ әдебияты менен шешенлик өнер – бәри қатар, араласып, сабақлас өмир сүрди. Әсиресе, аўызеки әдебияты айрықша раўажланды. Оның баслы себеби, қазақ ханлығындағы болмыстың өзи менен мәмлекетлик дүзилисиниң өзгешелиги еди, яғный көшпели өмир менен отырықшы турмыстың, пахташылық пенен дийқаншылықтың қатар болып, раўажланыўы сол гездеги руўхый өмирдиң алдыңғы қатарына өзинлик сыпаты зор аўызеки әдебиятын, жыраўлар поэзиясын ҳәм шешенлик өнерди шығарды.

Эмоциялық-экспрессивлилик мақсети тийкарында толғаў-жырларда психологиялық параллелизм, қайталаў, айырым ўақытта даўыс қуўалаўшылық пенен формулалық та кеңинен пайдаланылады. Улыўма поэзияға тән теңеў, салыстырыў, гипербола, контраст сыяқлы көркемлеў қураллары да толғаўға жат емес» [2].

Әдебият арқалы көпшилик миллет пенен улыстың тарийхы менен тәғдирин, руўхый өсиў жолын айқын билиўге болатуғынлығын бүгинги күн шынлыққа шығарып отыр. Бурынғы арналардың туўма баслаўы менен терең ийримлерине бойламай-ақ, өткенге тереңнен шолып, ой көзи менен қарасақ, VI- VIII әсир естеликлери - әдебияттың дәслепки дәўирин танытса (түркий тиллес халықларға ортақ мийрас), X-XIII әсирлердеги сөз өнери – тарийх пенен таным кесилиспеси айқын, дәрек пенен тийкары мол әдебияттың ("Кутадғу билиг", "Девони луғат ат - турк", "Дийўаны ҳикмет", т.б.) қәлиплесип, толыса баслағанын билдиреди. XIII-XIV әсирлер әдебиятынан ("Алтын Орда дәўири") татар-монғол басқыншылығының зобалаң-зардабы, халық тарийхының тәғдирин ҳәм т.б. көремиз. XV әсирдиң екинши ярымының дәслепки жылларында қазақ ханлығы пайда болып, тийкарғы әдебияты қәлиплести. Қазақ әдебиятының тарийхы жекке шайыр, жыраў, жыршылар менен мысалы: Асан Қайғы, Қазтуўған, Доспамбет, Шалкийиз, Жийембет, Марғасқа, Ақтамберди, Тәтиқара, Умбетей, Көтеш, Бухар, Шал ҳәм т.б. толысты. Олар өзлериниң қосық-толғаўлары арқалы жәмийет пенен адам арасындағы қатнасты, бай-болыслар менен гедей - жарлылардың арасын, миллет мәселесин, аўызбиршилик ҳаққында, ғарры-жас орнын, халықлық, қаҳарманлық ҳаққында, қулласы, өмирдиң көплеген қыры менен сырын, ўақыт нәпесин жеткерди. Миллет пенен әўладты кеңнен ойлап, терең толғанады.

Қазақ әдебияты тарийхының қурамалы ўақытларының бири саналатуғын XV-XVIII әсирлердеги мийрасларды талқылаўда, изертлеўде алымларымыз қунлы пикирлерин айтып, мәнили мийнет-мийрасларын халыққа усынды. Тематикасын ашып, жәмийетлик-сиясий ҳәм философиялық, этикалық ойларға, жанр менен көркемлик өзгешеликлерге, текст дүзилисине, тил, стиль сыпатына, еркин барды.

Бул бағдардағы изленислер менен мийнетлер қатарында ағартыўшы-демократлардың дүньяға көзқарасын ҳәр тәреплеме үйрениў менен жалғасып, толысты. Қазақтың тәлим-тәрбиялық ой-пикирлери арқалы да жаңа, өзгеше түс алды (мысалы, «Адамзат ақыл-ойының қазынасы» (10 том), «Әлемдік философиялық мұра» (20 том), «Қазақ халқының философиялық мұрасы» (20 том), т.б.).

Аталып өтилген дәўирлер аралығындағы шайыр-жыраўлар мийрасы - «Әдеби мұра және оны зерттеу»

(1961), "XVIII-XIX ғасырлардағы қазақ ақындарының шығармалары " 1962., "Үш ғасыр жырлайды" 1965., "Ертедегі әдебиет нұсқалары" 1967., "Алдаспан" 1971., «Поэты Казахстана» (1978), "XV-XVIII ғасырлардағы қазақ поэзиясы" 1982., «Өсиетнаме» (1982), «Ерте дәуірдегі қазақ әдебиеті» (1983), "Бес ғасыр жырлайды" 1989., «Қазақ әдебиетінің тарихы» ( 3 том, 2000) т.б. топлам, китапларға кирди. «Қазақ әдебиетінің тарихы» атамасындағы он томлықта жекке сөз болды. Жекке шайыр, жыраўлардың дөретиўшилиги арнаўлы китап үлгисинде де баспадан шығып атыр.

XV-XVIII әсирлер әдебиятындағы шайыр-жыраўлар мийрасы: жәмийет пенен адам, өмир-турмыстың, хан менен халықтың, дүнья дийдары, дәстүр менен дин, ер-ҳаял орны т.б. қәсийетлерин ашып бериўи менен өзгешеленеди;

- шайырлығына жыршы, жыраўлығы туўры келген халық өнерпазлары социаллық мәнис-мазмуны жоқары мәселелер менен бирге өмир шынлығын, дәўир менен келген көплеген темаларға қосық-жыр, арнаў, толғаўларын арнады;

- усы ўақытта шайыр-жыршылар мийрасында адам менен оның ис-ҳәрекетлери, өмир жасы менен ондағы көринислер сыры, т.б. кең көлемде көринис тапқан;

- сөз өнери арқалы халық өмири менен турмысы, тарийхы менен белгили, миллет пенен әўлад ғамы, ўақыт сыры, т.б. көринисли сыпатқа ийе болды;

- бул дәўирдеги жәмийет, қоршаған орталық, турмыс - тиришилик, жақсы менен жаман, қыз бенен жигит, жаслық пенен ғаррылық т.б. темалар анық, ҳәм көркем сөз, сырлы сүўретлери менен өзине дыққатты қаратады;

- қосық-толғаўларда, арнаў мазмунынан халық пенен жер, хан сыпаты менен оның пәрманлары, батырдың бийик тулғасы, жилўалы гөззал менен оның ақылы, ар-хүжданы, адам келешеги, өмир-дүньяның қәдири менен қәсийети, сондай-ақ дос-душпан, байлық пенен гедейлик, ата-ана қәдири, қыз сыны, келин орны, өмир-өлим, саўаш жоллары, ер қанаты - ат орны, күн менен түн, жарық пенен көлеңке, бийик таў менен айдын көллер, ағын суўлар, бүркит пенен суңқар қус сыпаты, т.б. түсиниклер де жақсы жырланады.

Ең әҳмийетлиси, шайыр-жыраўлар мийрасында жәмийет, адам, өмир, дәўир көриниси кең мазмунға ийе болып, мәдений-тарийхый ҳәм руўхый дәстүрлерди, болмысты, дүньяны шынлық жағынан көриў, адам менен оның ис-ҳәрекетлерин таныў миннетлери тәбийий, жүрек төринен шығады. Оларды жеткериў, баянлаўда ой-сезим, мақсет еркин көзге тасланады. Соның менен бирге, халық әдебиятындағы (аўызеки әдебияты емес) турмыс-салт, үрп-әдет, дәстүрлери, социаллық темадағы қосық-жырлар, ертеклерге бергисиз батырлар образы, ҳақыйқатлық ис пенен муҳаббат мәселеси, т.б. XV-XVIII әсирлер әдебиятында да тема, мазмун, көркемлик, поэтикалық жақтан кең раўажланған. Олай болса, дәўир көринислерин, адам менен дәўир сөзин кешеден бүгинге жеткерген шайыр-жыраўлардың дөретиўшилигин, ондағы халық өмири менен мийрасы, жәмийет пенен тәбияттың көркемлик өзгешелигиниң бүгинги әдебият қозғалысына жалғасыўы ҳәм тәбийий, ҳәм үлгили тәреплерин жан-жақлама танып, билиўи лазым. Ең баслысы, жәмийет, адам мәселеси, оның ис-хәрекетлери, орны т.б. мақсетлерине, кәсип-тиришилигине сәйкес сөз етиледи.

Белгили алым, изертлеўшилер, атап айтқанда, М.Әўезов, Қ.Жумалиев, Ә.Марғулан, Е.Ысмаилов, т.б. шайырлық әлем, жыршылық, жыраўлық дәстүр, ондағы көркемлик ҳаққында мазмунлы пикирлер айтып, системалы изленислер жүргизди. Әсиресе, шайыр-жыраўлар дөретиўшилигиндеги социаллық-жәмийетлик жағдайлар, фольклорлық дәстүрлердиң раўжланыўы, баслы темалар менен ондағы көркемлик хызмети, қолланыўы ҳаққында тартыслы ой-пикирлердиң бүгинги күни де әҳмийети үлкен. Олардың айырым үлгилери төмендегише келтирилген:

Академик М.Әўезов: "Жыраў қуры ғана тақылдап қосық айтпайды: бул заман сыншысы, сөйлесе шешилмеген жумбақ, гүрмеўи шатасқан сөзлерди ғана сөйлейди. Өзи жасаған заманның белгилерине қарап, келешек заман не айтатуғынлығын болжайды. Сөзиниң бәрин терең ой, терең мәнис пенен сөйлейди. Сыртқы түри толық толғаў, салыстырған сүўретлер менен уқсатқан көбирек, жоғалтқан белгиси менен келеди. Айтқысы келген жерлерин ашып, түсиникли етип, анықлап бермейди. Арнаўлы түрде жумбақ қылып айтады. Түсинген адам сол жумбақтан уғыныўы керек. Жыраўдың сөзи, мақсети айтылмайды. Не айтса да, көптиң муңы менен ғамы, халықтың жағдайы ҳаққында, ямаса көпшиликке арналған ақыл, нәсияты есабында айтылады" [3].

Академик С.Қирабаев: "XVIII-XIX әсирлерде қазақ әдебиятында миллетлик ғәрезсизлик темасы айрықша мәниге ийе болып раўажланды. Бир жағынан жунгар басқыншылары, екинши жағынан орыс әскерлери қысқыға алған халық басындағы аўыр қайғы әдебияттың да азаматлық бийикликке көтерилиўине тиккелей жол ашты. Ел тәғдири оны қорғаўшы азаматлар тулғасы, өзгерислердиң социаллық өзгешелиги, патриотлық пенен сатқынлық, турақлылық, турақсызлық, ийкемлескиш минезлер - барлығы шайырлар тилинде басқа образ таўып, әдебият темасының байып, кеңейип барғанлығын аңлатады" [4]. Профессор Е.Ысмаилов "Ақындар" монографиясында: "Қазақ поэзиясында дөретиўшилик хызметине қарай шайырды еки жикке бөлемиз, бири қосықты домбыра менен суўырып салып айтатуғын ямаса жазып шығарса да ядлап қосыққа қосып, аўызеки әдебияты дәстүри менен айтатуғын импровизатор халық шайырлары. Екиншиси - оқыған, билимли, қосықты жазып шығаратуғын жазба шайырлар» [5].

Алым Р.Бердибаев: "Жыраўлар өзлериниң шығармаларына жәмийетлик мәниси терең, пүткил халықлық қәсийети анық, ел тәғдирине тиккелей қатнаслы ири мәселелерди ғана тема қылған. Бундай жыраўларда қаҳарманлық, батырлық өзгеше тербелис пенен жырланады" [6].

Қосық сөздеги үйлесимлилик, көркемлик ҳаққында Аристотель, әл-Фарабий, Н.Буало, Ф.Малеро, М.Опиц, А.Потебня, М.Храпченко, т.б. бийбааҳа пикирлери дыққатқа ылайық. Сондай-ақ, қосық қурылысы, қосықтағы гармония менен ырғақ мәселелери, басқа илим тараўлары менен байланысы, раўажланыў бағдарлары Г.И.Абрамович, Л.И.Тимофеев. Қ.Жумалиев, Е.Ысмайылов, С.Қирабаев, З.Қабдолов, З.Ахметов, М.Базарбаев, Р. Бердибаев, Р.Нурғалиев, С.Қасқабасов т.б. мийнетлеринде ҳәр тәреплеме үйренилип, кең көлемде қарастырылады.

Соның ушын да, кешеден бүгинге келип жеткен руўхыйлық сағалары тематикалық жақтан, жанрлық ҳәм көркемлик системасы, эстетикалық қунлылықлары менен стильлик қубылыслары жағынан ҳәр тәреплеме изертленди.

М.О.Әўезов «Қазақ халқының эпосы мен фольклоры» атамасындағы мийнетинде: «Басқа мийрасты да қунт пенен жыйнайтуғын қатықулақ шайырлар өз жырлары менен бирге халық арасынан еситкен сол жырларды да қосып айтқан. Ким шығарғаны биймәлим қосық-жыр кең даланың бир түпкиринен бир түпкирине, әсирден әсирге усылай таралып отырған» [7] - деген пикирди айтады. Уллы алым миллетлик жыр менен сөздиң қара шаңаракта сақланыўы менен таралыўы хаққында айтса да, оның қунлы ой-пикирлери, қарақалпақ аймағында жасап, қазақ сөз өнерин раўажландырған сөз шеберлерине де

тийислилиги анық.

Ш.Ўәлийханов «Қазақ халқының поэзиясы жөнінде» деп аталатуғын мийнетинде: «Қосық, нама – жаңадан ядтан шығарылған ямаса бир атақлы қосықшы шайырдың бурынырақта шығарған қосықлары домбыраның, қобыздың, ым менен, дене қыймылларының сүйемеллеўи менен айтылып, халық арасына тарайды, айырым қосықшы шайыр өз тәрепинен сол қосыққа кирисиў және жуўмақлаў сөз қосып отырады» [8] - дейди. Уллы алым жуўмақларынан қарақалпақ аймағындағы қазақ шайыр-жыршылары мийрасларынан усындай нызамлылықларды байқаймыз. Олар ўақыт пенен кеңисликке сәйкес адам тәғдирин, өмир сүрген орталығын сәўлелендириў арқалы дөретиўшилик етеди.

Қарақалпақ аймағында шайырлық, жыраўлық өнери менен танылған, усы аймақтағы өзге миллет шайырлары менен дөретиўшилик, дослық, устаз-шәкиртлик байланыста болған қазақ шайырларынан Қарасай, Ережеп, Ақпан, Ж.Мамыт улы, Ж.Төлепов, Ерқожа, Қосым, Жумағали, Жалғасбай, Ермахан, Сейдәли, Тилеумағамбет, Жақып, Кудайберген, Қайролла ҳәм т.б болды. Олар шығармалары арқалы туўысқанларын ата журтқа биригиўи, сол журтты қәдирлеўге шақырды. Миллетлик қәлбимизди сақлаўға, қаҳарманлықты, елди ардақлап, ар-намыслы болыўға тәрбиялады. Соның менен бирге, өзге миллетлерди қәдирлеўге жигерлендирди.

**Әдебиятлар**

1. Қазақ әдебиетінің тарихы. 3 том. – Алматы: «Ғылым», 2000, 27- б.
2. Қасқабасов С. Шығарамалары. – Астана: «Фолиант», 2011, 486, 490-б.
3. Әдебиет тарихы. – Алматы: Ана тілі, 1991, 201-б.
4. Әдебиетіміздің ақтандақ беттері. – Алматы: 1995, 12- б.
5. Ақындар. – Алматы: 1956, 18- б.
6. Жыршылық дәстүр. – Алматы: 1980, 8-9-б.
7. Әуезов М. Уақыт және әдебиет. Құрастырған, редакциялық алғы сөзін жазған Ы.Т.Дүйсенбаев. – Алматы: Қазақтың Мемлекеттік көркем әдебиет баспасы, 1962, 35-б.
8. Уәлиханов Ш. Таңдамалы. 2-басылуы. – Алматы: «Жазушы», 1985. 67-б.

**РЕЗЮМЕ**

Мақолада XV-XIX асрларда яшаб ижод этган қозоқ адабиётидаги таниқли шоир-бахшилар ҳамда улар қолдирган бой мероснинг мавзу, жанр ва бадиий-эстетик ўзига хосликлари, шоир-бахшилар асарлари ҳақидаги олимларнинг қарашлари ўз ифодасини топган.

**РЕЗЮМЕ**

В статье идёт речь об известных поэтах-сказителях казахской литературы 15-19 веков, тематические, жанровые и художественно-эстетические особенности в оставленном ими наследии, о мнениях учёных о творчестве поэтов-сказителей.

**SUMMARY**

The article deals with peculiaritics of literary works of kazakh poets and bards of XV-XIX centuries, their literary heritages and rich themes, genre and literary- aethetic characters. Futher more author presents different scolars hypothesis on the literary texts.

## БОЛАЛАРНИ ЭРКАЛОВЧИ ХАЛҚ ҚЎШИҚЛАРИ

**И.Шоймардонов** - *ўқитувчи*
*Термиз давлат университети*

**Таянч сўзлар:** халқ қўшиқлари, “бешик” қўшиқлари “алла”, “хуй-ё, хуй-ё”, “хай ёр- эй”, “бўйни узун”, “қум ялаш”, “қумлади”, “уялади”, “болалар туя қувалар”, “ҳуйя- қуш”, “Ушлагани гул бўлсин, ирисқиси мўл бўлсин” жисмоний, ахлоқий, эстетик, маънавий тафаккур.

**Ключевые слова:** народные песни, «колыбельные» «алла», «хуй-йо, хуй-йо», «хай йор-эй», «длинная шея», «лижущий песок», «песком», «стыдно», «Дети гонятся за верблюдами», «Хуйя-птица», «Пусть тот, кто ловит цветок, пусть ирис будет в изобилии», физическое, нравственное, эстетическое, духовное мышление.

**Key words**: folk songs, “lullabies”, “alla”, “huy-yo, huy-yo”, “hay yor-ey”, “long neck”, “licking sand”, “sanded”, “ashamed” , “Children chase camels”, “Huyya-bird”, “Let the one who catches a flower, let the iris be plentiful”, physical, moral, aesthetic, spiritual thinking.

Ер юзида ҳаёт пайдо бўлибдики, тафаккур эгаси бўлган инсон ўз турмуш тарзини яхшилашга, кечагидан кўра яхшироқ яшашга, фарзандлари иқболини кўришга интилади. Ҳар бир халқ ижтимоий адолат, фаровонлик йўлини тутар экан, табийки, шу ният йўлида ҳаракат қилади. Шу орзу билан яшайди, келажагига умид ва ишонч кўзи билан қарайди.

Ҳукуматимиз раҳбарининг куюнчаклик билан дадил айтган ушбу фикрларини ўқиб мулоҳаза юритар эканмиз, ёш авлодни ҳар томонлама баркамол қилиб тарбиялаш жамият учун, жамият келажагининг тақдири учун нақадар муҳим эканлигини юракдан ҳис этамиз. Дарҳақиқат ҳозирги кунда мустақил республикамиз олдида буюк келажакни яратувчи баркамол авлодни, ривожланган замон ва жамиятнинг фаол кишисини тарбиялашдек ўта маъсулиятли, машаққатли ва айни пайтда долзарб вазифа турибди.

„Тарбия қанча мукаммал бўлса, халқ шунча бахтли яшайди”, дейди донишмандлар. Тарбия мукаммал бўлиши учун эса бу масалада бўшлиқ пайдо бўлишига мутлоқо йўл қўйиб бўлмайди [1:505].

Тарбияда қадриятларнинг ифода топиши эса, энг аввало, оиладан бошланади. Ҳар бир оила-муқаддас даргоҳдир. Ҳар бир оиланинг қувончи фарзанддир. Оилада фарзанд туғилиши-бу, шодиёна, қувонч, минг бир орзу-истакларнинг, умидларнинг ушалиши ва, албатта, жамият олдидаги маъсулиятдир. Бу маъсулиятни намунали оилаларда яхши тушунишади.

Шундай қилиб, оилада тарбиянинг негизига асос солинади. У болада шаклланиши лозим бўлган барча инсоний муносабат ва вазифаларни тарбияловчи ҳаёт мактаби ҳисобланади. Бола тарбияси кенг қамровли, узоқ давом этадиган мураккаб жараён бўлиб, уларнинг вақтини фойдали ўтказиш ва қадрига етишни ўргатиш тарбиянинг муҳим хусусиятларидандир. Шунинг учун ҳам мамлакатимизда хукуматимиз томонидан амалга оширилаётган қатор чора-тадбирлар фарзандлар бахт-саодати, уларнинг ёруғ келажаги учундир, десак, хато бўлмайди. Жамият томонидан ҳамма яхши нарсалар болаларга деган шиорнинг ўртага ташланиб туриши ҳам шундан. Бу туйғуни атоқли шоиримиз Шайхзода қуйидагича ифода этган:

Болалардир биламиз буни
Дунёмизнинг эртанги куни
Кўзимизнинг қорачуғидек,
Қизил гулнинг соф уруғидек,
Болаларни асраймиз ҳар дам,
Авайлаймиз, севамиз маҳкам. [2:95]

Бола тарбиясида она алласининг роли ва аҳамиятини юқоридаги таҳлилларда кўрсатиб ўтдик. Бунда бола тарбиясини бошловчи она, аниқроғи онанинг меҳри эканлиги кўриниб турибди. Бола учун она бошдан охир гиргиттон, парвона бўлиши тасвирланади. Унинг меҳри алласидан тортиб, худо кўрсатмасин, марсиясигача